

myVeeva FOR PATIENTS

Pou Kòmansè

Bonjou/Bonswa epi Byenvini

Lè w ap patisipe nan yon etid klinik, w ap bezwen reyalize yon kantite aktivite. Pou etid sa a, w ap itilize aplikasyon MyVeeva for Patients yo pou reyalize yo. Aktivite sa yo ka gen ladan yo:

- Siyen fòmilè konsantman
- Reponn sondaj yo
- Gade pwochen vizit yo e patisipe nan vizit videyo yo

Tout enfòmasyon nou ranmase yo rete konfidansyèl epi se ekip etid ou an sèlman k ap kapab wè yo.

Ou ka itilize aplikasyon nou an tou 24/7 pou siveye pwochen vizit yo ak travay ki fini yo.

Aktivite yo

Jere aktivite etid ou yo ka difisil, kidonk nou mete tout sa ou bezwen fè yo nan yon sèl kote. Onglè Aktivite yo gen twa seksyon:



- **Jodi a:** Tout fòmilè, sondaj, ak vizit ki disponib pou reyalize oswa ki dwe fèt jodi a. Sondaj Opsyonèl, Jan sa nesesè yo nan seksyon sa a tou.
- **Demen:** Tout fòmilè, sondaj, ak vizit ki pral obligatwa pou fè nan demen.
- **Pwochen Vizit yo:** Pwochen videyo oswa vizit fasafas.

Pou wè sa ou te deja fè, chwazi [View Complete](#).

Pa ka chwazi yon bagay pou ou fè?



Si ou pa ka chwazi yon bagay pou ou fè, li gendwa poko disponib. Gade dat ak lè anba tit la pou w wè kilè l ap disponib.

Notifikasyon yo




Si ou te bay yon adrès imèl, n ap voye notifikasyon imèl lè nou bay bagay pou ou fè yo e lè delè yo rive.

Nan yon telefòn oswa yon tablèt?

Nou rekòmande pou w aktive notifikasyon otomatik yo pou aparèy ou a raple w kilè aktivite yo ap rive nan delè yo.

Men kijan pou aktive yo:

1. **Louvri Onglè Kont lan.**
2. **Chwazi Reglaj.**
3. **Chwazi ikòn ki louvri an  akote Notifikasyon yo.**
4. **Aktive notifikasyon otomatik yo.** Itilize reglaj aparèy ou an.

Siyen Fòmilè Konsantman yo

Anvan ou ka patisipe nan yon etid, ou dwe siyen omwen yon fòmilè konsantman.



Si ekip etid ou a te rann fòmilè yo elektwonik, ou ka siyen yo apati aplikasyon sa a. Men kijan ou ka siyen yo:

1. **Louvri Onglè Aktivite yo** ✓.
2. **Chwazi fòmilè an.**

Fòmilè an vewouye?



Sa vle di ou ka egzamine dokiman an, men ou poko gen aksè pou siyen li. Ou gendwa bezwen siyen lòt dokiman anvan, oswa ekip etid ou an ap ba ou yon kòd lè ou ka siyen li.

3. **Li fòmilè an.**

Ou gen kesyon?



Ou ka mande ekip etid ou a èd lè w peze bouton **plis opsyon** ••• an nan antèt la, epi chwazi **Mande Èd sou Etid la**.

4. **Siyen fòmilè an.** Ou ka siyen fòmilè an nan youn nan fason sa yo:

- Klike oswa tape sou blòk siyati a pou siyen.
- Trase siyati w nan espas siyati a, epi chwazi **Aplike**.

5. **Voye fòmilè an bay ekip etid ou a.** Chwazi **Soumèt (Submit)**.

Antre nan yon Vizit nan Videyo

Si ekip etid ou a te pwograme vizit nan videyo pou ou, ou ka rantre nan vizit yo apati aparèy ou an olye biwo ekip etid la.



Si ou gen yon vizit nan videyo ki pwograme, men kijan ou ka rantre ladan li:

1. Louvri **onglè Aktivite yo** ✓.
2. Chwazi vizit nan videyo ou vle rantre ladan li a.
3. Chwazi **Join Meeting (Antre nan Reyinyon an)**.

Reponn Sondaj yo

Nan kad etid la, yo gendwa poze w kesyon sou kalite lavi w oswa sante w. Ou ka reponn sondaj sa yo nan aplikasyon sa a nenpòt kote w ye. Repons ou yo konfidansyèl epi se sèl ekip etid ou a ki ap wè yo sèlman.



Lè gen yon nouvo sondaj pou reponn, w ap resevwa yon notifikasyon pou li nan imèl ou oswa nan aplikasyon w lan.

Men kijan ou ka reponn yon sondaj:

1. **Louvri onglè Aktivite yo** ✓.
2. **Chwazi sondaj la.**
3. **Chwazi OK.** Sondaj la ap louvri.
4. **Reponn kesyon sondaj yo.** Ou ka glise monte pou w wè kesyon ou te deja reponn.
5. **Chwazi Submit (Soumèt).** Yo voye repons sondaj ou yo bay ekip etid ou a.

Pou pi gwo sondaj yo, si ou kòmanse yo anvan dat limit lan rive, ou ka pran yon ti poz epi retounen pita pou fini yo anvan dat ak lè limit la.

Si w pran yon ti poz pandan w ap reponn yon sondaj, lè w retounen, I ap toujou disponib nan onglè Aktivite yo epi I ap gen kontinye ki make bò kote I. Lè w chwazi sondaj la, w ap kontinye kote w te kanpe a.

Ou bezwen Èd?

Si ou gen yon kesyon - pa enkyete w! Ou ka mande ekip etid ou a èd nenpòt kilè.



Chwazi bouton **Mande Èd sou Etid la**  inan onglè Etid la .

myVeeva
FOR PATIENTS